

## Fòm Plent Aksè nan Lang

Règleman pou aksè lengwistik nan Eta New York egzije kèk ajans ki an kontak ak piblik la pou yo ofri sèvis entèpretasyon nan nenpòt lang ak pou yo tradui dokiman ki enpòtan yo nan omwen douz (12) lang prensipal ki pa Anglè men ki pi komen nan eta a. Si w te gen difikilte ak sèvis aksè lengwistik ajans nou an, ou ka ranpli epi soumèt fòmilè plent sa a lè w itilize enfòmasyon kontak ki mansyone anwo yo. **Tout enfòmasyon pèsònèl ki nan plent ou an ap rete konfidansyèl.**

**1. Moun K ap Fè Plent Lan:** Prenon: \_\_\_\_\_ Siyati: \_\_\_\_\_ Kòd postal: \_\_\_\_\_

Mwen prefere pa bay non m. *Tanpri sonje si ou pa bay okenn enfòmasyon kontak, nou p ap kapab enfòme w sou etap n ap swiv yo pou n adrese plent ou an.* Lang ou prefere (yo): \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_ Adrès imèl: \_\_\_\_\_

**Èske gen yon lòt moun k ap ede w soumèt plent sa a?**  Non  Wi Si 'Wi,' ajoute enfòmasyon kontak li:

Prenon: \_\_\_\_\_ Siyati: \_\_\_\_\_

Adrès imèl ak/oswa nimewo telefòn: \_\_\_\_\_

**2. Nan ki lang ou te bezwen yo ba w sèvis?**

**3. Ki pwoblèm ki te genyen?** Koche tout kazye ki aplike yo epi bay eksplikasyon anba a.

Yo pa t ofri m yon entèprèt

Mwen te mande pou yon entèprèt men yo te refize demann mwen an

Konpetans entèprèt la pa t bon (ajoute non l nan seksyon 5 ki anba a, si w konnen l)

Entèprèt la te fè yon seri kòmantè ki malelve oswa ki pa t apwopriye

Mwen te fè twòp tan ap tann avan m jwenn yon entèprèt

Yo pa t ban m fòmilè oswa avi yo nan yon lang mwen konprann (fè lis dokiman ki nesèsè yo nan seksyon 5 ki anba a)

Lòt (eksplike) \_\_\_\_\_

**4. Kilè ensidan sa a te rive?** Si li te rive plis pase yon fwa, bay dat dènye ensidan ki pi resan an.

Dat (MWA/JOU/ANE): \_\_\_\_\_ Lè a: \_\_\_\_\_  AM  PM

**Ki kote ensidan sa a te rive?**  Nan telefòn  An pèsòn Bay adrès la: \_\_\_\_\_

**5. Dekri sa ki te pase a.** Se pou presi nan sa w ap di a epi bay tout kantite detay ki posib. Si li te rive plis pase yon fwa, ajoute tout dat/lè ensidan an epi dekri chak ensidan. Fè lis tout sèvis ak dokiman ou t ap eseye jwenn yo. Ajoute non, adrès, ansanm ak nimewo telefòn moun ki enplike yo, si w konnen yo. Itilize paj adisyonèl yo jan sa nesèsè epi ekri non w sou chak fèy.

**6. Èske w te pote plent bay nenpòt moun ki nan Depatman an/Ajans lan? Si wi, ajoute non moun ou te pale avèk li a epi bay ki repons yo te bay.** Tanpri, eseye presi.

**Non an Ekri ak Lèt Detache:** \_\_\_\_\_ **Dat** (MWA/JOU/ANE): \_\_\_\_\_

(Moun k ap fè plent lan)

**Pa ekri nan kazye sa a. Pou itilizasyon biwo a sèlman.**

Date: \_\_\_\_\_ Reviewer: \_\_\_\_\_

Resolution: \_\_\_\_\_